# ЕУ ЛÆГ СУДÆЙ МАРДÆЙ, ИННÆ БА ИН Æ РОНИ КÆРДЗИНТÆ АГУРДТА!..



*Рагон бердзейнаг зундилæг Сократ зæрондæй ку æрсæйгæ 'й, уæд æй кадæр бафарста, куд дæ, зæгъгæ. Æма ин е дæр равардта дзуапп: «Хъæбæр дзæбæх дæн, мæ хор: кæд уодæгасæй байзайуон, уæд мæмæ соцъа ка кæнуй, етæ дзæвгарæ фулдæр фæуууодзæнæнцæ, ме 'цæг дуйнемæ ку рандæуон, уæдта мин фулдæр æрдхуæрдтæ фæззиндзæнæй...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№14 (886) 2023 анзи 21 апърел – хумидайæни мæйæ

Аргъ 1 туман




# АБОНИ ДÆР МА 'Й ЗÆРДРОХСÆЙ ИМИСÆН...

*Уогæ ба дуйней исконд цæйбæрцæбæл æнахур дессаг æй, æ равгитæ æма гæнæнтæ нин æнæнгъæлти ци хузти ба нæ равдесуй!.. Сæдæ анзей размæ, 1923 анзи 14 мартъий дуйней рохс фæуууидта Цæгат Иристони национ газет «Рæстдзинад»... Иннæ бон, 15 мартъий ба чиколайаг Тегати Алихани æма æ цардæмбал Зæйрæти (Малити Азæмæти кизги) бийнонтæбæл æрцудæй агъазиау цийни хабар – райгурдæй син хори хузæн биццеу, исхудтонцæ 'й Сулейман... Аци дууæ æхцæуæнæй-æхцæуæндæр хабарей кой еумæ ке кæнæн, уомæ гæсгæ, æвæдзи, кадæртæ бадес кæндзæнæнцæ, гъома, уæхæн дууæ уоййасæбæл фæйнæхузон цауей æхсæн еудзийнадæй ци ес, зæгъгæ. Ес си, æгæрдæр ма си ес!.. Раст зæгъгæй, уæд уой æнгъæл дæр неке адтæй, æма аци дууæ цауи еумæйаг карнæ ке исбæтдзæнæй. Гъуддаг ба уотæ рауадæй, æма Тегати биццеу æригонæй фæццалх æй финсунбæл – дессаги хуарз ин æнтæстæй æмдзæвгитæ, радзурдтæ, уацтæ финсун, мухури фæрæзнити дæр фæззинниуонцæ. Идæрдтæбæл нæ дзордзинан, фал Сулеймани æ исфæлдистадон над æрбакодта «Рæстдзинад»-мæ, берæ æнзти дæргъи си æнтæстгинæй фæккуста – хумæтæг уацхæссæгæй райдæдта, уотемæй си иссæй редактори хуæдæйййевæг. Абони нæ цитгин хестæри уомæ гæсгæ имисæн, æма 15 мартъий æ райгурдбæл исæнхæст æй сæдæ анзи (1923-1985) Уой фæдбæл нæ газети абониккон номери 4-7-аг фæрстæбæл мухур кæнæн Сулеймани туххæй æ кæддæри æмгустгæнгути имисуйнæгтæ, уæдта æхе финст æрмæгутæ (уони ба мухур кæнæн, æ рæстæги сæ куд ниффинста, уотемæй).*

## АХСГИАГ ГЪУДДАГ



### НÆ ЦАРДИУАГИ ФАРНÆ НÆ ЕУМÆЙАГ ÆНОВУД ФÆЛЛОЙНÆЙ АРАЗГÆ 'Й!..

***Цæгат Иристони Сæргълæуууæг Сергей Меняйло æндæрæбон, 19 апърели сæрмагонд æмбурди радзубанди кодта 2022 анзи нæ республики Хецауади архайди, аци анзи æма идарддæри æнзти социалон-экономикон райрæзти сæйраг нисанти туххæй. Æмбурди архайдтонцæ Цæгат Иристонæй сенатортæ, нæ парламенти депутаттæ, бунæттон хеунаффæйади сæргълæугутæ, æхсæнадон къабæзти разамонгутæ.***

***Сергей Меняйло æ радзубандий ци фарстатæмæ раздахта е 'ргом, уони туххæй абони бал цубурæй зæгъдзинан, фæстæдæр ба сæбæл нæ газети идарддæри номерти сæрмагондæй дзордзинан.***

### НÆ ФÆСЕВÆДÆЙ АРФИАГ АН, СÆРУСТУР АН СÆ ЛÆГДЗИЙНАДÆЙ

*Æ радзубанди Сергей Меняйло райдæдта сæрмагонд тугъдон операций хæццæ баст фарстатæй:*

– Нæ бæстæ исæмбалдæй æверхъау, сæрмагонд тæссагдзийнæдти хæццæ: Уæрæсей нихмæ исаразтонцæ парахат кампани, тухгин экономикон, политикон, тугъдон æлхъивдадæ, фæндуй сæ нæ хуæдбарæдзийнадæ, нæ культурæ фесафун. Æмдух Нигулæн Украини буцæу расайдтонцæ, нæ размæ исæвардтан нæ берæнацион адæми еудзийнадæ исфедар кæнуни, политикон нивæбæлдзийнади, æхсæнадон аразидзийнади фарс рахуæцуни, федар экономикон ирæзти нисантæ.

Уæрæсей Президент нæ размæ ци ихæстæ исæвардта, уони æнхæст кæнунмæ Донбасси æма Украини нæ адæм уайтæккæ бавналдтонцæ. Не 'фсæддонтæ се 'взугъддзийнади, лæгдзийнади туххæй райстонцæ паддзахадон хуæрзеугутæ, Есенати Таймураз æма Датити Аланæн равардтонцæ Бæгъатæри Стъалутæ. Сæрмагонд æфсæддон операци куддæр райдæдта, уотæ исаразтан фиццаг ирон хуæдбарæ къуар «Аланистон», адæм райстонцæ тохæнгарз, сæрмагонд цæттæдзийнади æуууæлтæ ахури райсгæй цудæнцæ фронтмæ.

2


ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

ГАЗЕТ 2023 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 344 СОМИ 52 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 305 СОМИ 64 КЪАПЕККИ)

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР



http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

*Дмитрий ЛИХАЧЕВ (1906-1999), номдзуд ахургонд, лингвист: «Хецæн адæймаги меддуйнейæн, менеугутæн ци барæнтæмæ гæсгæ аргъ кæнæн, уæхæнттæмæ гæсгæ гъæуама аргъ кæнæн алкæци бæстæн, адæмæн, адæмихаттæн дæр. Ци менеугутæмæ гæсгæ нимайæн адæймаги?*





# «НÆ АРХАЙДИ НИСАНТÆ – НÆ ХЕСТÆРТИ САБУР ЦАРД, НÆ КÆСТÆРТИ АМОНДГУН КАРНÆ, НÆ ФÆРНÆЙДЗАГ ИСОНИБОН!..»

Еугур фæззелæнтæ дæр банимадтан, тæссагдзийнæдтæ ниллæг уавæрмæ æркодтан. Хуæдбарæ къуæрттæн равардтан уæледарæс, гъæугæ ефтонггæрзтæ. Уони кодтан Уæрæсей гъæуайкæнуйнади Министради хæццæ. Уой фæсте нæмæ фæззиндтæй къуар «Нимпурст. Иристон». Фæззæги нæмæ хайгай фæдздзурд рацудæй, етæ психологон æгъдауæй уæззау æнцæ. Фал нæ лæхъуæнтæ ’вдесунцæ лæгдзийнадæ, уоди хъаурæ, фæстæмæ дæр нæ фæккастæнцæ, уотемæй ислæудтæнцæ Фидибæсти сæрбæлтау.

Мах нæхердигæй алицидæр аразæн, цæмæй нæ фæсевæди рази балæууæн, алцидæр нивæбæл ке æй, уой базонуни туххæй ахид мæхуæдæг цæун сæрмагонд æфсæддон операций бунатмæ. Райарфæ кæнун мæ фæндуй нæ фæсевæдæн, уæхæн федар æма æнæфæккеугæ, уæлахезбæл æуууæнкгин ке ’нцæ, уой туххæй. Сæ нийиергутæн ба уæлдай арфитæ, уæхæн нæлгоймæгтæ ке исгъомбæл кодтонцæ, уой туххæй. Фал царди бартæбæл тохæнгарзи хæццæ тохгæй æнæ мæлæт нæ рауайуй.

*Æма еци операций архайгæй ка фæммард æй, еци тугъдонти рохс нæмттæ æмбурди архайгæй æримистонцæ æдзæмæй ислæугæй.*

### АЛЦИДÆР АРÆЗТ ЦÆУДЗÆНÆЙ АДÆМИ ЦАРДИ УАВÆРТÆ ФÆХХУÆЗДÆР КÆНУНÆН

*Нæ республики экономикон бæрæггæнæнти туххæй дзоргæй, Сергей Меняйло сæ банимадта хузæнонбæл:*

– Фарæ промышленнон кустади индекс рауадæй 106 проценти;

Хеуагъд продукций бæрцæ 18,3 проценти фулдæр фæцæй.

Экономикæ æма социалон къабазæмæ инвестицити байвæрд рауадæй 43 миллиард соми, дууæ анземæ гъавæн бæрæггæнæнтæбæл 6,7 проценти бафтаун. Инвестицитæ байвардтан гъæууон хæдзаради, транспортон инфраструктури, туризми, национ проектти æма паддзахадон программити. Республики еумæйаг бюджети æфтуйæгтæ 2023 анзи 1 январи рауадæнцæ 61,6 миллиард соми. Е, фари еци æмгъуди хæццæ рабаргæй, æй 19,8 проценти фулдæр.

Нæ Хецауадæ сæ размæ æвæрунцæ ахсгиаг нисантæ, гъæуама промышленнон кустади индекс 2023-2025 æнзти рауайа 113 проценти. Гъæууон хæдзаради еумæйаг медбæстон продукт 2025 анзи гъæуама исхеза 117 процентмæ. Инвестицион архайди ирæзтбæл еудадзуг куст цæуй. Бацæттæ кодтан 30 инвестицион фæзи, нæ инвестицион бакаст хуæздæр кæнуй, Национ рейтинги ан хуæздæрти ’хсæн. Нæ бæсти Президент 2030 анзмæ Уæрæсей национ ирæзти нисантæ исбæлвурд кодта.

Уони фæрци уæрæсейæгти царди уавæртæ фæххуæздæр уодзæнæнцæ. Мах исараztан Республикæ Цæгат Иристон-Аланий экономикон ирæзти хузæ. Байвардтан си фондз размæцуд проекти, æдеугурæй син багъæудзæнæй 64 миллиард соми. Фæззиндзæнæй нæмæ 7 мин нæуæг кусти бунати. Нур бал гъуддæгути байвардтан 20 миллиард соми, искодтан 600 нæуæг косæн бунати. Республики Хецауадæн сæ размæ æвæрун, республики экономикæмæ инвестицитæ æрбаздахуни гъуддагбæл байархайуни ихæс.

### ХЪÆБÆР АХСГИАГ ÆЙ, ЦÆМÆЙ ПАДДЗАХАДИ ЦАРДИ АЛЛИ КЪАБАЗÆ ДÆР КОСА ÆНÆКЪУЛУМПИЙÆЙ

*Æ радзубандий Сергей Меняйло сæрмагонд æргом раздахта паддзахадон программитæ æма национ проекттæ æнхæст кæнуни фарстатæмæ.*

– Еу хатт ма ’й зæгъун – абони хъæбæр ахсгиаг æй, цæмæй нæ паддзахади царди алли къабазæ дæр коса æнæкъулумпийæй! А фæстаг æнзти цаутæ нин ирдæй равдистонцæ, ахур кæбæл адтан, дуйней еци архитектурæ куд сæртæг æма лæмæгъ æй, æма алцидæр куд æнцонтæй фехæлдзæнæй, уой.

Уомæ гæсгæ ни алкедæр гъæуама æ косæн бунати архайа, цæмæй нæ бæсти исонибон уа федар æма æнæфæккеугæ, цæмæй нæ адæми царди уавæртæ уонцæ зæрдæмæдзæугæ.

Уомæн ба нин агъаз уодзæнæнцæ паддзахадон программитæ æма национ проекттæ. Айдагъ евгъуд анзи мах кустан уæхæн программитæй дууæ æма инсæййебæл, етæ цæмæй царди рацæуонцæ, уомæн ба федералон æма регионалон бюджеттæй рауагътонцæ 28,6 миллиард соми.

### ÆНÆНЕЗ КА ’Й, КУСТГЪОН ДÆР ÆМА ЗÆРДРОХСÆЙ НИФСГУН ДÆР ЕЦИ АДÆЙМАГ ÆЙ

*Адæми æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабази уавæрти туххæй дзоргæй, Сергей Меняйло загъта:*

– Вазуггин æй нæ царди аци къабазæ аллирдигæй дæр. Дзубанди цæуй нæ цæргути æнæнездзийнадæбæл, хуæрзгъæдæ медицинон агъазбæл алли адæймагæн дæр. Гъулæггагæн, берæ лухкæнуйнаг фарстатæ ма нæмæ ес. Æма, раст зæгъгæй, уой туххæй цæуй куст дæр. Евгъуд анзи искустонцæ Горæтгæрон райони сæйраг поликлиники фельдшерон-акушерон пункт, амбулаторитæ гъæути.

Бундоронæй цалцæггонд æнцæ Кирови райони сæйраг сæйгæдонæ, амбулатори Луковски станици, фельдшерон-акушерон пункт Цæликкати гъæуи.

Медицинон косæндæнттæн балхæдтан 56 аллихузон косæнгарзи, фараст сæрмагонд хуæдтолги.

Паддзахадон социалон агъази фæлгæти сæйгити еуæй-еу къуæрттæн рауагътонцæ 1 миллиард сомей аргъ хуастæ.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма нæмæ нæма фагæ кæнуй гъæугæ лæвар хуастæ онкологи æма сæкæрнезæй сæйгитæн. Архайæн уой туххæй уæлæнхасæн æхцай фæрæзнитæ иссерунбæл.

Идарддзæф гъæути искустонцæ цæугæ медицинон комплекстæ. Уони фæрци дохтиртæ лæмбунæг æркастæнцæ 24 мин адæймагей æнæнездзийнадæмæ. «Тагъд агъази» станцити хуæдтолгитæ еугурæйдæр байииивтан нæугутæй.

Идард гъæути байгон кодтан 51 афтеки, хæстæгдæр рæстæг ба ма еци нимæдзæбæл бафтаудзинан 49.

Нæ идарддæри нисанти æнцæ Мæздæги, Горæтгæрон æма Алагири районти фондз дзæбæхкæнунади арæзтадæ æма .бундоронæй цалцæг, Рахесфарси райони сæйраг сæйгæдони поликлиники райарæзт, уæдта Беслæни «Тагъд агъази» дæлстанций арæзтадæ. Иронх ни нæ ’нцæ Мæздæги райони сæйраг сæйгæдони арæндони, сабийти рæугути нези стационари арæзтадæ, Цæгат Иристони онкологий диспансери, уолæфæнтæн агъази республикон центри райарæзт.

### АДÆМ СÆ ДÆЛБАЗУР ДАРУНЦÆ, СÆ УОДÆНЦОЙНÆБÆЛ СИН ÆНОВУДÆЙ КА АРХАЙУЙ, УОЙ.

*Сергей Меняйло æ радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй агъазиау æргом æздæхт идарддæр дæр цæудзæнæй адæмæн социалон агъаз кæнуни еугур фарстатæмæ дæр.*

– Нæ сæйрагдæр ихæстæй сæ еу æй нæ цæргутæн агъаз кæнун – берæсувæллонгин бийнонтæн, царди зелдохи тухст уавæрти ка бахаудтæй, æ сахъатдзийнади туххæй æ гæнæнтæ хуæрзминкъий кæмæн æнцæ, Беслæни теракти ка бахаудтæй, еци адæмæн.

2022 анзи идарддæр цудæй куст, сувæллæнттæ кæмæн ес, уонæн агъаз кæнунæй. Уой фæдбæл æхцай фæрæзнитæ райстонцæ 68 мин 662 адæймаги, фæлладуадзæн æма æнæнездзийнадæ федардæр кæнуни бунæттæмæ æрвист æрцудæнцæ 32 мин 688 сувæллони. Аци анз еци нимæдзæ исхъæртдзæнæй 36 минемæ хæстæг. Æртæ æма фулдæр сабийи кæмæн ес, еци бийнонтæн радех кæндзæнæнцæ æдеугурæй 560 зæнхи хаййи лæвар.

Агъазгъæуагæ 8 мин 665 бийнонти райстонцæ æдеугурæй 1 миллиард соми æртиккаг æма фулдæр сувæллони райгурди фæсте.

Еурæстæгон æхцай фæрæзнитæ райстонцæ Устур Фидибæстон тугъди 474 архайæги æма инвалиди, Ленинградбæл æртухсти рæстæги цæргутæ, концлагерти æма геттой ка адтæй, еци адæм, Устур Фидибæстон тугъди ка фæммард æй, уæдта фæстæдæр ка рамардæй, еци тугъдонти идæдзæ уоститæ.

Беслæни теракти ка бахаудтæй, уонæй 390 адæймагемæн фæййагъаз кодтонцæ æхцай фæрæзнитæй.

Æнæ нийиерæги агъазæй ка байзадæй, еци æнагъон сабийтæн 77 фатери байхуæрстонцæ. Еци куст цæудзæнæй идарддæр дæр.

### ИХÆСТÆ ЛÆДÆРД ÆНЦÆ, ГЪÆУЙ СÆБÆЛ ÆНОВУДÆЙ КОСУН!..

*Сергей Меняйло ма бæлвурдæй æрдзубанди кодта арæзтади æма цæрæнуæтти-коммуналон хæдзаради, нæдтæ æма транспорти, ахуради, културии, физикон културæ æма спорти, фæсевæдон политики, æхсæнадон-политики æма нæ цардарæзти æндæр къабæзти уавæри фæдбæл фарстати туххæй. Кæронбæттæни ба загъта:*

– Мах хуарз лæдæрæн, аци анз вазуггин анз ке уодзæнæй, уой. Нифсгунæй фæллæууæн фронти не ’фсæддонтæн, сæ бийнонтæмæ син нæ цæстæ фæддарæн. Республики экономики федар ирæзтбæл байархайæн æма еугур социалон ихæслæвæрдтæ исæнхæст кæнæн. Нæ размæ ес бæлвурд цæлхдортæ. Æма уой туххæй абони гъæуама айдагъ нæ къæхтæбæл федар ма лæууæн, фал ма еу хатт равдесæн, размæвæрд нисантæмæ цæуни гъуддаги цийфæнди зиндзийнæдти сæрти дæр ке рахездзинан, еци нисантæ ба ’нцæ: нæ хестæрти сабур цард, нæ исонибони фæрнугадæ æма нæ фæндитæ цæмæй исæнхæст уонцæ, уобæл архайун.

**Номдзуд æфсæддон архайæг, Советон Цæдеси Бæгъатæр, æфсади инæлар Хетæгкати Ивани фурт Геуæргий райгурдбæл 25 апърели æнхæст кæнуй æхсæзинсæй анзи (1903-1975).**

*Æ зунди, æ гъомбæлади, е ’фсарми фæрци, адæми хæццæ цæрун зонуй æви нæ арæхсуй, агрессивон æй æви нæй, хестæрæн æгъдау дæттуй, сабийтæбæл, исуйнаг фæлтæртæбæл ауодуй, хæлархæрдæ ’й æви нæ – еугур аци менеугутæ нин фадуат раттунцæ адæймагæн аргъ искæнунмæ...»*



# БАСÆ КЕ БАСОДЗА, Е ДОНÆЙ ДÆР ТÆРСУЙ!..



Уæрæсей æдасдзийнади Совети нимæрдар **Николай Патрушеви** разамундæй Нальчикки ци урух æмбурд арæзт æрцудæй, уоми лæмбунæг дзубанди цудæй Цæгат Кавкази федералон зилди регионти æхсæнадон æдасдзийнади уавæр фæххузæнондæр кæнуни туххæй æнæмæнгæ исаразуйнаг фарстати фæдбæл.

Æмбурди архайдтонцæ Уæрæсей Президенти Æнхæстбаргин минæвар Цæгат Кавкази федералон зилди **Юрий Чайка**, федералон министрадтæ æма ведомствити минæвæрттæ, федералон зилди регионти сæргълæугутæ. Цæгат Иристони разамунди номæй си архайдта нæ республики Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис** дæр.

Бони фæтки нисангод фарстати фæдбæл бундорон доклад искодта Юрий Чайка. Æма æ радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй абони уавæртæмæ гæсгæ аккаг нихкъуæрд дæттун гъæуй, нæ Фидибæсти нихмæ нигулæйнаг бæститæ ци знаггадæхæссæг архайд иситинг кодтонцæ, уомæн:

– Сосæггаг некæмæн æй, еуæйеу бæстити сæрмагонд службитæ ке архайунцæ, цæмæй уæрæсейаг æхсæнади еудзийнадæ фехæла, цæмæй бæсти берæ адæмти ’хсæн федуддзийнадæ ихæлд æрцæуа, цæмæй алли динти минæвæртти ’хсæн æнæуинонддзийнадæ æма æнæбухсондзийнадæ искарз уа. Еугур еци æууæлтæ мах нæ еугурейдæр ихæсгин кæнунцæ, цæмæй уæн никки къæрцгъосдæр æма бæрнондæр нæ аллибони архайди.

Цæгат Кавкази федералон зилди исæвзургæ уавæрбæл дзоргæй, Президенти минæвар куд баханхæ кодта, уотемæй экстремистон æма террористон фæззиндтитæ не ’руадзуни нисанеуæгæй арæзт профилактикон æма æндæр уæхæн архайд еу усмæ фæннидæндæр кæнæн æгириддæр нæййес. Еци архайдæн бæлвурд нисантæ ес, фиццаги-фиццагидæр, барадæгъæуайгæнæг æма тухи ведомствити размæ. Цæгат Кавкази сабур цардæн тасдзийнади æууæлтæ æвзарун кæнунцæ, экстремистон æма диверсион-террористон идеологибæл хуæст ка ’й, еци къуæртти иуонгтæ. Куд уинæн, уотемæй æдасдзийнади Федералон службæ уæд еу, уæд иннæ рауæн искæрон кæнуй уæхæн фудгæнæг къуæртти архайдæн. Фал уæддæр ма уавæр сагъæссаг æй. Юрий Чайки дзубандимæ гæсгæ, уавæр ке фæккарздæр æй, уомæн æвдесæн æй уæхæн дæнцæ дæр – 2021 анзи хæццæ рабаргæй, 2022 анзи федералон зилди регистрацигонд æрцудæй 30 проценти фулдæр экстремистон фæззиндтити хæццæ баст фудракæндтитæ.

Президенти минæвар сæрмагонд æргом раздахта, мæнгæ хабæрттæ æма знаггадæхæссæг-ардауæн идеологи ка парахат кæнуй, еци Интернет-сайтти кустæн кæрон исæвæруни фарстамæ дæр:

– Æдасдзийнади федералон службæ, «Роскомнадзор» æма æндæр федералон ведомствитæ карз нихкъуæрд дæттунцæ уæхæн информацион фæрæзнити архайдæн. Зæгъæн, 2022 анзи дæргъи кæрон æвæрд æрцудæй 3 минемæй фулдæр уæхæн знаггадæхæссæг интернет-сайтти кустæн,– бафеппайдта Юрий Чайка.

Æмбурди радзубанди кодтонцæ Уæрæсей Федераций æдасдзийнади Совети, Генералон прокуратури, Слестгæнæг комитети, медгъуддæгути Министрадæ æма æндæр ведомствити бæрнон косгутæ. Етæ сæ радзубандити бæлвурд хатдзæгтæ æрхастонцæ, региони, уæдта, еумæ райсгæй, бæсти æдасдзийнадæ æма хузæнон цард багъæуай кæнунæн ма уæлæнхасæн ци сæрмагонд мадзæлттæ арæзт цæуй, уой фæдбæл.

Аци æмбурди ци дзубанди рацудæй, уой хатдзæгтæмæ гæсгæ зæрдæбæл æрбалæууй нæ рагфидтæлти зундамонæн загъд: «Басæ ке басодза, е донæй дæр тæрсуй!..» Уæхæн уавæри ан мах дæр абони – фæстаг рæстæгути нæ регионти уоййасæбæл берæ æверхъаудзийнæдтæ æрцудæй, уоййасæбæл зиндзийнæдтæ бавзурстан, æма алцæмæйдæр гъæуама байархайæн, цæмæй си амæй фæстæмæ гъæуайгонд æма æдас уæн...

***Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги æма Хецауади пресс-службæ***

## ÆРГОМ ЗАГЪД



**Николай ПАТРУШЕВ, Уæрæсей æдасдзийнади Совети секретарь:**

– Цæгат Кавкази нихмæ æвзедæнти туххæй ба уой зæгъуйнаг дæн, æма нуртæккæ аци регионти сæ архайд фæккарздæр кодтонцæ, нигулæни сæрмагонд службити дæлбарæ ка ’й, уæхæн римæхст террористон, националистон æма дини радикалон организацитæ. Уой хæццæ ба ма нæ нидæн кæнунцæ гъавæнтæ æхсæнадон зундирахасти, шариати фæткитæ паддзахади закъонтæй сæйрагдæр æнцæ, зæгъгæ, гъуди ниффедар кæнуни зæрдтæй. Уæдта фæткæн пусулмон дин ардигæй радикалон лæдæрсæнти фæрци расхуайун æма си нæуæг салафиттаг къуæрттæ æрбунæттон кæнун…

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# АУЗТ ДÆР МÆНГÆФСОН РАУÆНБÆЛ РАТОНУЙ!..

Цардарæзт еугур рæстæгути адтæй, уæдта нерæнгæ дæр ма уæхæн æй, æма адæймаг æ карнæ зæрдæмæдзæугæдæр хузи аразунбæл цийфæнди æновудæй ку арахайа, уæддæр цæмæйдæрти ба бустæги зæрдирай нæ рауайунцæ: æхсæнади медæгæ гъуддæгутæ бедуйунцæ сæхердигæй.

Ка, ци æма цæйбæрцæбæл хъæбæр бедуйуй уæ цардиуагæбæл?.. Уæхæн фарста дзиллон цæстингас бæлвурдгæнæн Еугуруæрæсеуон центри æртасгутæ æрæги равардтонцæ Уæрæсей алли рауæнти цæрæг аллихузон кари адæймæгутæмæ. Æма етæ ци дзуæппитæ равардтонцæ, етæ ба еумæйагæй рауадæнцæ мæнæ ауæхæн (фондз баллемæй баргæй):




## ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..



Номдзуд япойнаг тугъдон раздзæуæг Нобунангæ еууæхæни исфæндæ кодта æ нихмæлæууæг знæгти ниддæрæн кæнун. Æхуæдæг бæргæ нифсгун адтæй, фал е ’фсæддонтæн ба уæлахез унбæл сæ зæрдæ уоййасæбæл нæ дардтонцæ – знæгти нимæдзæ адтæй уонæй дæс хатти фулдæр. Уой уингæй сæ раздзæуæг сæ æрдæгнадбæл æруорæдта æма сæмæ дзоруй:

– Æхца исуелдзæнæн æма кæд герб исхауа, уæд мах æнæмæнгæ фæууæлахез уодзинан…

Исуилдта æхца æма герб разиндтæй. Æфсæдтæй баруагæс æй, ке фæууæлахез уодзæнæнцæ, е: еци разæнгардæй рампурстонцæ æма знæгти æнцонæй басастонцæ.

Тугъди фæсте Нобунангæйæн æ адъютант уотæ ку зæгъидæ:

– Уогæ ба ирисхъи къох ци амона, уомæн æййевæн нæййес!..

– Раст зæгъис, – дзуапп ин равардта раздзæуæг æма имæ равдиста, ци æхца исуилдта, уой – уобæл ба дууердигæй дæр адтæй герби хузæ…

* * *

*Еци номдзуд балхондзæуæг е ’фсæддонти уæхæн сайдæй ке разæнгард кодта, уомæй раст адтæй æви нæ, уобæл нæ дзордзинан. Фал зæгъдзинан уой ба, æма адæм сæ раздзæуæгбæл æцæгæй ку æууæндонцæ, уæд цийфæнди зин уавæрти дæр цийфæнди тухгин знагбæл дæр фæууæлахез уодзæнæнцæ. Æма раст, гъе уæхæн æууæнкæдзийнадæ мах уæлдай ахсгиагдæр гъæуй нæ абони æмæнтъери уавæрти. Æма нæ раздзæугутæ исарæхсдзæнæнцæ уæхæн æууæнкæй нæ фæннифсгундæр кæнунмæ?..*



**Виктор ГЮГО (1802-1885), францусаг финсæг: «Нæ цард балци æй, нисан – надамонæг. Нисан ку нæ уа, уæд алцидæр æрлæууй, иуæнгтæ æрæгъзæлунцæ æнæхъаурæй…»**

* * *

Нæ абони цардарæзти нæмæ нисантæ æгæр берæ дæр ма ес, фал уонæмæ нæдтæбæл ба нидздзæгъæлтæ ан. Æма, æвæдзи, уой фудæй берæ цæмæйдæртæй, фиццагидæр ба, нифсхастдзийнадæй дæр уоййасæбæл исæнæхъаурæ ан…



**ПИФАГОР, рагон бердзейнаг диникустгæнæг æма политик: «Æмхузон тæссаг æнцæ дууæ гъуддаги: æдулийæн кард дæттун, æдзæсгонæн ба – хецауи бунат…»**

* * *

Уæлдай тæссаг ба е æй, æма æдули кардбæл ку фæххуæст уй, уотемæй ба ма хецауи бунат ку æрахæссуй. Уæд еугур гъуддæгутæ дæр низмæнтуй, берæ æверхъаудзийнæдтæ исаразуй… Уой абони нæхе цæститæй дæр уинæн – кæми ци æдули раздзæугутæ ес, етæ дуйней фидбилизтæ аразунцæ адæмтæн, сæ сабур цардæй син тугъди будуртæ фестун кæнунцæ…



**Войцех ЖУКРОВСКИЙ (1916-2000), францусаг финсæг: «Сувæллæнттæ æма инæлартæ еске тæрсун кæнун уарзунцæ…»**

* * *

Айдагъ сувæллæнттæ æма инæлартæ нæ – уæхæн миутæмæ тулаваст æнцæ рæуузунд политиктæ дæр, уæлдайдæр ба, аци финсæги фидибæстаг политиктæн сæ фулдæр, мæнæ данкъа пилбæл куд рæйа, уой хузæн хæпп-хæпп кæнунцæ иннетæмæ, уæлдайдæр ба – Уæрæсей, сæ бæстæн уойбæрцæбæл берæ хуæрзтæ ка фæцæй, уой нихмæ. Æма еу фæззилди син уой фудæй сæ къембуртæ дзæбæх дзæхст ке никкæндзæнæнцæ, уомæй ба нæ тæрсунцæ?..

**Фæсевæди æмвæндæдзийнади Æхсæндуйнеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй 24 апърели.**

***ТЕПСИХЪОТИ** Зойæ, журналист: «Тегати Сулейман адтæй цæстуарзон адæймаг. Кæстæр журналистти исфæлдистадæмæ æ цæстæ хъæбæр лæмбунæг дардта, редакцион æмбурдти, газети си хуарз æрмæгутæ кæмæн фæззиннидæ, уони зæрдæхцæуæнæй растауидæ, райарфæ син кæнидæ. Уæдта айдагъ кусти фæдбæл нæ уидæ æ*


Газет «Рæстдзинад»-и редакций косгутæ фæлладуадзæн балций. Астæуæй лæууй ТЕГАТИ Сулейман, разæй ба бадуй ЦГЪОЙТИ Хазби.


Газет «Рæстдзинад»-и редакций косгутæ номдзуд штангист ЕНАЛДИТИ Асланбеги хæццæ фембæлди рæстæг. Дуккаг рæнгъи галеуæрдигæй æртиккаг лæууй ТЕГАТИ Сулейман.

# Хистæры фарн – кæстæртæн


МЫСИНÆГТÆ
**ЦГЪОЙТЫ Хазби,**
фыссæг,
журналист

Газет «Рæстдзинад»-ы тыргъы къулыл ныр ссæдз азы бæрц ауыгъд ис, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты тохы быдырæй нæм чи нал сыздæхт, уыдоны мемориалон фæйнæг. Цыппæрдæс сурæты йыл. Цыппæрдæс цæстæнгасы цардмæ, цыппæрдæс удыхъæды миддуне æвдисæг цæстытæ. Ссæдз азмæ сæ хуыз æппындæр нæ аивтой. «Рæстдзинад» араздзыгæ зæронд кæнынц, цæуынц пенсийы, ивынц сæ æндæртæ. Уыдон уыцы-иу хуызонæй лæууынц. Азты фæд сыл нæ зыны. Рæстæджы бон сыл нал цæуы. Арæх алæууын сæ уæлхъус, арæх ныккæсын сæ цæстæнгасы æрфытæм, цымæ цæуыл хъуыды кодтой, цæмæты тырныдтой, цы уыд сæ бæллиц, зæгъгæ. Цы зæгъынмæ хъавынц ныр? Арæх ныккæрзы мæ зæрдæ сæ разы, мæ буарыл ихæнриз æлхысчъытæ кæнгæ азгъоры, хъуын арц абады. Афтæ мæм фæкæсы, цыма сын сæ бынат бацахстам, æмæ сын æрцæуын хъомыс уымæн нал ис. Афтæ мæм фæкæсы, цыма мæ фæрсгæ фæкæнынц, ды та ам цы кусыс, цы сарæзтай «Рæстдзинад»-æн хорзæй, зæгъгæ.

«Рæстдзинад»-мæ æз райдайæны кусынмæ кувæндонмæ цæуæгау цыдтæн. Стыр аргъ кодтон йæ алы кусæгæн дæр, нымд кодтон сæ алы ныхасæн дæр. Хорз адæм дзы æрбаййæфтон кусгæ. Æнаипп адæймаг куыд нæй, афтæ æнаипп коллектив дæр нæй. Уæлдайдæр та сфæлдыстадон адæмы къорд. Адæймаг йæ хъæбулы куыд уарзы, сфæлдыстадон кусæг дæр афтæ – йæ уацмысы. Мадæн йæ хъæбулы рафауæгау у авторы уацмыс рафауын дæр. Иумæйаг рæстдзинадæн стæмтæ быхсынц, алкæмæн дæр ис йæхи рæстдзинад. Æмæ зулдзыхы ныхас, æнæразыдзинад уыд, æз мæ æвæлтæрддзинады аххосæй æнхъæл куыд нæ уыдтæн, афтæ «Рæстдзинад»-ы дæр. Фæлæ уæддæр æнгом æмæ фидар коллектив уыд «Рæстдзинад»-ы. Уымæн ахъаззаг æвдисæн уый дæр, æмæ редакторы хæдивæг Гагкайты Дзибис куы амард, уæд ын йæ æвæгæсæг зæронд мадæн йæ мæлæты онг æрвылмæй дæр хастой йæ фырты мызды бæрц, æмбырд та йæ кодтой æхсæны. Йæ зианы бон ын куыд балæггад кодтой, уымæн мæхæдæг дæн æвдисæн.

О, бирæ хорз адæм фæхъуыд «Рæстдзинад»-æй цæрынхъуагæй. Дзæнæты бадæнт. Сæ фарн нын ныууагътой, сæ намысæй хайджын стæм. Æрымысæм сæ иууылдæр номхуындæй нæ цины, нæ хъыджы, рухс сын фæзæгъæм. Фæлæ дзы уæддæр мæ зæрдыл уæлдай арæхдæр æрлæууынц æртæйæ: Цогойты Геор, Тегаты Сулейман æмæ Хъуылаты Чермен. Цы дунемæ ацыдысты, уый хорзæх сæ уæд. Цæргæс тæхгæйæ куыд мæлы, афтæ æртæйæ дæр цардæй фæхъуыдысты кусгæйæ, сæ тæккæ хъаруйыл, бынтон æнæнхъæлæджы. Знон дæр ма немæ цы хъуыдытæ дзырдтой, царды цæуылты сагъæс кодтой, уый нæ нæма айрох, знон дæр ма нæм райсомæй сæ къухтæ, дæ райсом хорз, зæгъгæ, æрбалæвæрдтой æмæ сæ къухты хъарм нæ æрмттæй нæма ацыд, сæ цæстæнгас рæстæджы фæлм нæма бамбæрзта, сæ дзыхы ныхас ма нæ хъусты зæлланг кодта, афтæмæй нал уыдысты æмæ никуыуал æрбахызтысты редакцийы къæсæрæй. Уæдæй нырмæ никуыуал фехъуыстам Георы уæззау зонды æрхъуыдыджын ныхæстæ, Сулейманы хъæлдзæг зарджытæ, никуыуал федтам хæларзæрдæ Черменыгæзæмæ мидбылхудт. Фæлæ ма сæ абон дæр мысæм æмæ сæ никуы ферох кæндзыстæм.

* * *

Æнгом æмæ куыстхъом коллектив æрбаййæфтон «Рæстдзинад»-ы. Æгъдау æмæ царды фæтк дзы уыд фидар; кæстæр, хистæр, сылгоймаг – ал-кæмæн дæр йæ фарн – йæхимæ. Зынтæй арæзт цыд уæд газет. Уымæн æмæ Мæскуыйæ телетайпыл цыд æнæмæнг мыхуыргæнинаг æрмæг бирæ. Номырмæ йæ хъуыд тæлмац кæнын. Номырмæ та уымæн æмæ нæ нæ фæндыд «Социалистическая Осетия»-йы фæстæ зайын. Куысты иннæ къуылымпыдзинад та уыд партийы обкомы «аудындзинад» – газеты фезмæлын, чысыл сæрибар уæвын дæр нæ уагътой.

Быхстой рæстæджы цæлхдуртæн «Рæстдзинад»-ы кусджытæ æмæ уæхски-уæхск лæугæйæ уагътой ирон газет. Се 'нгомдзинад уæлдай тынгдæр бæрæг уыд, бахъуыды рæстæг-иу бонмæ сæрмагонд номыр куы ацæттæ кодтой, уымæй дæр. Уарзтой кусын æмæ фæллад уадзын дæр. Æрдзы хъæбысы хъæлдзæгдзинæдты уæлдай тынгдæр зынд Тегаты Сулейман. Хорз арæхст кафынмæ, хъæлдзæг хабæрттæ кæнынмæ, зарынмæ та йын


ТЕГАТИ Сулейман æма æ цардæмбал Зæринæ (Тауасити Мæхæмæти кизгæ) дессаг хуæрзведауцæй фæццардæнцæ, исгъомбæл кодтонцæ хуæрзæгъдау цæуæт, кæцитæй адтæнцæ хъæбæр боз æма сæрустур, уомæн æма син сæ зæрдитæ рохс кодтонцæ сæ арфиаг цардиуагæй.

æмбал нæ уыд. Ныр дæр ма арæх æрымысæм, йæ уарзондæр зарæг «Къутты Кудзи – хорз цуанон»-иу куыд зæрдиагæй зарыд, уый.

Хъæлдзæг æмæ кæрæдзийыл алыхуызон хъæлдзæг хабæрттæ мысаг уыдысты «Рæстдзинад»-ы уæды кусджытæ. Сæ цырв та уыд Мамсыраты Мурат. Алкæуыл дæр дзы, уый хъуыдымæ гæсгæ цыдæр æмбисонд æрцыд æмæ-иу уыдон дзургæйæ, мах гуыбынхæлдтæ кодтам. Æндæр, бынтон æндæр уавæр та-иу уыд газеты радон номырыл уынаффæйадон æмбырды. Иуæй-иу хатт ма сыл-иу дис дæр кодтон, базонæн сын-иу нал уыд: æрдæбон дæр ма тыргъы худæн ныхæстæ чи кодта, уыдонмæ æвиппайды ахæм бæрнондзинады æнкъарæнтæ кæцæй фæзынд? Кæцæй? Газет аразгæйæ сæ хæс арф æмбæрстой ирон адæмы, фидæны фæлтæрты раз! Фидæныл æууæнк сæ кодта бæрнон æмæ ныфсджын.

Ахæм æмбырдты Тегаты Сулейман уыд нæрæмондæр. Уымæн æмæ æнкъардта дывæр бæрнондзинад – иуæй райдианы куыста промышленнон хайады сæргълæууæгæй (уый фæстæ сси редакторы хæдивæг), иннæмæй уыд партион организацийы секретарь. Куыстыл тынг æнувыд кæй уыд, уымæй цыд газеты æрмæджытыл йæ зæрдиаг æмæ комкоммæ, биноныг ныхас. Йæ кустуарзондзинадмæ йын бирæтæ хæлæг кодтой. Бирæ хатт-иу æй изæрæй кусгæйæ ныууагътам æмæ та-иу райсомæй махæй фæраздæр. Республикæйы районтæм, хæхтæм шахтертæм цæуын зивæг нæ кодта. Иузæрдион уыд кусæг къласыл. Йæ очерктытæ æмæ уацты, репортажты сæйраг архайджытæ фылдæр уыдысты куысты хъазуатонтæ. Фæллойы уыдта царды ад. Уый фæдзæхста кæстæртæн дæр.

Царды зын фæндагыл рацыд Сулейман. Æппæты зындæр та дзы уыд Фыдыбæстæйы Стыр хæст. Мæлæты дзыхæй дзы раирвæзт. Ног цардыл, Коммунистон партийыл æууæнк æй зындзинæдты цур сæттын никуы бауагъта. Æдзухдæр æй уырныдта йæхи æмæ йæ цоты амондджын фидæн. Æрмæст иунæг хатт фæтыхст, иунæг хатт фæтарст фæллойгæнæг адæмæн сæрибармæ фæндаг цы ног цард радта, уымæн æмæ-иу æй зæрдæрисгæ радзырдта. Уый хæсты быдыры уыд, не 'фсæдтæ, фæстæмæ цæугæ, Цæгат Кавказмæ куы æрбахæццæ сты, уæд.

– Æдас нæ уыдыстæм, знаг уыйбæрц арф кæй æрбацыд нæ зæххыл, уымæй, – мысыд

***дзубанди, æригæнтти лæмбунæг бафæрсидæ сæ царди æнæуой хабæрттæй дæр – фæндадтæй æй æригон косгутæн амонд, сæ карнæ цæмæй хуæздæр рауайа, ку гъæуидæ, уæд син унаффæ дæр бакæнидæ. Уомæ гæсгæ ибæл кæстæртæ дæр уæлдай æновуддæр адтæнцæ, зæрдæй-зæрдæмæ син æ хæццæ адтæй æнгомдзийнадæ...»***

арæх, – фæлæ нын нæ ныфс ноджы тынгдæр састой провокатортæ. Тынг нæ уырнын кодтой, фашисттæн басæттæн кæй нал ис, не 'фсады сæйраг тыхтæ дæрæнгонд кæй æрцыдысты, ууыл, æмæ-иу сагъæсы аныгъуылдтæн: фашизмы æлдариуæгады дæлбар куыд цæрдзыстæм?..

Хæствæлладæй здæхт йæ хъæу Цыколамæ Тегаты Сулейман, фæлæ хъæлдзæг æмæ амондджын уыд. Цыфыддæр знагимæ тохæй уæлахиз æмæ сæрæгасæй здæхт. Озречы хъæуы машинæйæ æрхызт. Уырдыгæй фистæгæй фæцагайдта Быдыры Дæргъævсыл йæ райгуырæн хъæумæ. Æрыгон хæстоны зæрдæ рад Ирыстоны хæхты, зонгæ бынæтты уындæй, зонгæ ныхас хъусгæйæ, йæ къæхтæ йæ базыртау уæлиæутты хастой. Сулейман бирæ уарзта йæ хъæу Цыкола, йæ историйы тыххæй ныффыста егъау уац, йæ цæрджытæй бирæтæ систы йæ очеркты хъæбатыртæ.

«Рæстдзинад»-ы кусгæйæ, Тегайы-фырт йе 'ргом тынг здæхта кæстæрты хъомыладмæ, сæ журналистон профессионалондзинады рæзтмæ, сæ куысты æмæ царды уавæртæм. Уый тыххæй йемæ уыдысты уæлдай æргомдæр дзырд æмæ йæм æдзухдæр хастой сæ хъаст, сæ сагъæс. Алы фарстайы дæр сын кодта ахадгæ æххуыс.

Сулейман кæд социалистон цардарæзтыл, партийы хъуыдытыл иузæрдион уыд, уæддæр æнкъардта йæ рæстæджы хицауады æнæрастдзинæдтæ, адæмы цард мæгуырæй-мæгуырдæр кæй кæны, уый аххосæггæ æмæ-иу арæх зæрдæйæ-зæрдæмæ ныхасы йæ маст нал баурæдта. Хæсты быдыры цы зындзинæдтæ бавзæрстой, милуангай адæм цæй сæрвæлтау радтой сæ удтæ, уымæй фыдæнхъæл кæй фесты, уый йæ æнцой нæ уагъта. Хорз ма хъуыды кæнын йæ отпусчы рæстæджы йæ хæстон æмбалы уынæг Волгограды облæстмæ куыд ацыд. Фæстæмæ куы æрыздæхт, уæд йæ дзуринаджы сæр иудзæвгар йæ фысымы царды уавæртæ уыдысты.

– Ды куы федтаис, цы уавæрты цæры, уый! – йæ хъоппæг цæстытæ-иу доны разылдта, афтæмæй дæм ныууырдыг уыдаид. – Дыууæ уаты. Иуы дзы цæры йæ усимæ, иннæйы та – йæ иунæг сæгъ. Афтæмæй колхозы бухгалтерæй куыста, ныр пенсийы ис. Зымæг цæмæй цæрдзысты, нæ зонын. Гъе, уый дын дунейы карздæр хæсты уæлахизхæссæг салдаты хъысмæт! Ирыстонмæ, нæхимæ сæ кодтон, æмæ мын нæ ракуымдтой.

Йæ хæстон æмбалы, фыдбонтæ иумæ кæимæ бавзæрста, мæлæты комулæфт иумæ кæимæ банкъардтой, уый йын фæсдуармæ чи рарæцыгъта, ахæмтæ уыд æмæ ис Ирыстоны дæр. Уыдон æдзæсгом митæ уынгæ, царды тыхджынæй-тыхджындæр кæй кодтой, уый зонгæйæ маст хаста йæ зæрдæмæ. Раджы фæурс ис йæ сæры хил. Рæстæг куыд ивгъуыдта, пенсийы кармæ куыд тагъд бахæццæ, уый дæр уыд йæ сагъæс. Раст цыма йæ зонгæ кодта, пенсиисæгæй бирæ нæ фæцæрдзæн, уыйау-иу рафт-бафт систа, нырхуым-иу.

Бæрцæй цалдæр мæйæн райста пенси Тегаты Сулейман. Æмæ иу ахæмы куыстмæ афоныл нал æрбацыд. Поликлиникæйы уыдтæн, зæгъгæ, нын бамбарын кодта фæсæмбисбон, цыдæр кæнын, мæ чемы нæ дæн, мæ хидæй сфæлмæцыдтæн. Цалдæр боны ма. Дохтыртæ йæ бинонæы федтой. Загътой йын операци кæнын дæ хъæуы. Уый Мæскуымæ æрвысты гæххæтт райста. Хуыздæр дохтырты æвджид бакодта йæ цард, фæлæ адзалæн мадзал нæй. Операцигæнæн стъолыл банцад йæ зæрдæ йæ куыстæй.

Йæ ныгæнæн бон бирæ адæм æрæмбырд, изæрыгæттыиу йæ хæлæрттимæ хъæлдзæгæй абадын бирæ кæм уарзта, уыцы кæртмæ. Бирæ дзы уыд, «Рæстдзинад»-ы йæ бирæ азты куысты рæстæг хорзæй кæй ном ссардта, уыдонæй дæр. Фæндараст ын загътам, фæлæ нæ зæрдæты баззад, куыд æй зыдтам, нæ цæстытыл уайы, Мæскуымæ йæ операци кæнынмæ куы фæндараст кодтам, уæд йæхи куыд хъæлдзæг дардта, афтæмæй.



ТЕГАТИ Сулейман æ документалон уацтæй еуей хъайтар, зундгонд хæдзарадон æма æхсæнадон архайæг ÆЛХЪАЦАТИ Деболай хæццæ.

Газет «Рæстдзинад»-и редакций косгутæ Цæгат Иристони номдзуд спортсменти хæццæ фембæлди рæстæг. Раззаг рæнгъи (рахесæрдигæй дуккаг) бадуй ТЕГАТИ Сулейман.



# «СУЛЕЙМАН АДТÆЙ НÆ АДÆМИ ÆЦÆГ ЛÆГ!..»

**ИМИСУЙНÆГТÆ**



**МÆХÆМÆТТИ Ахурбег,**
Цæгат Иристони Фæллойни Бæгъатæр

Тегати Сулеймани хæццæ нин хæстæгдзийнадæ адтæй мæ фиди мади æрвадтæлтæ Сосранти 'рдигæй, æма мæмæ е ба бустæги хеуони зæрдæ дардта. Еци хабар мæбæл никки устурдæр ихæстæ æвардта æ рази. Кæд Сулейман мæ хæццæ гъазгæ дæр, ходгæ дæр кодта, уæддæр æз мæ кæстæри бунат зудтон. Мæ уарзон хестæр, редакций дзурддзæугæдæртæй еу, рæвдаугæ мæ куд кодта, агоргæ дæр ми уотæ кодта. Айдагъ финсуни гъуддаги нæ, фал аллибони царди дæр, косæг æма гъæуугон уацхæсгути хæццæ кусти, редакций æнæнимæдзæ иуазгути фембæлдтити. Ахид мин дзурдта:

– Газетмæ æхе ка бахатуй, е имæ хуарздзийнадæмæ фенгъæлмæ кæсуй. Ду уомæн æ тухст ку нæ балæдæрай, æ фарсмæ ку нæ балæууай, уæд æ зæрдæ æрмæтъæл уодзæнæй, нæбал æуужнддзæнæй газеттæбæл.

Уомæ гæсгæ, редакцимæ ка цæуй, уонæмæ игъосун гъæуй лæмбунæг. Е ди макæд феронх уæд.

Тегай-фурти исфæлдистадон арт уæлдай ирддæрæй иссугъдæй, промышленнон хайади сæргълæууæгæй ку куста, уæд. Фиццагидæр исаразта уацхæсгути пункттæ устурдæр кустуæтти æма арæзтæдти. Уордигæй имæ финстонцæ фæллойни раззагдæртæ, берæ зундгонд адæймæгутæ: разамонгутæ, инженерон-техникон косгутæ. Мадта партион æма советон разамонгути дæр æнцад кæми уагътайдæ! Æхуæдæг еудадзуг æнæзийнадæй цудæй заводти цехтæмæ, æрзæткъахæнтæмæ, сауæнгæ листæг кустуæттæмæ дæр. Алкæцæй дæр æрбаздæхидæ хуарз хабæрттæй идзаг блокноти хæццæ. Кусти гъæуагæдзийнæдти еувæрсти дæр некæд рацудæй.

Адæми хæццæ цæрунмæ, сæ тухститæ балæдæрунмæ Сулейманæн æхецæй лæгдæр берæ нæ фæууидтон. Еудадзугдæр имæ хъæбæр берæ иуазгутæ цудæй. Кæмæндæр фæййагъаз кæнун гъудæй куст исеруни гъуддаги, кедæр гъудæй æ сæйги сæйгæдони ниввæрун, иннемæн æ бæдолæ фæлварæнтæ равардта, фал нæ бахаудтæй институтмæ, кедæр расайæ-басайæ кæнунцæ фатерæй… Уæхæнтти хæццæ Сулейман берæ куста. Айдагъ газетти ниффинсунæй некæд рахецæн кодта гъуддаг. Сауæнгæ партий обкоми æма республики Министрти Совети бæрнон косгутæмæ дæр бацæуидæ еске фарста раст ралух кæнуни туххæй. Гъуддаг исаразта, зæгъгæ, уæд, сувæллон рæсугъд гъазæнбæл куд бацийнæ кæнуй, уотæ цийнæ кодта. Сулеймани фæрци айдагъ фатертæ ка райста, етæ дæр зин банимайæн æнцæ. Æхуæдæг ба æ берæ бийнонти хæццæ цардæй унгæг фадуæтти. Никки ма æнæ иуазæг берæ æхсæвтæ нæ фæцæнцæ.

Сулейманæн æхецæй игъæлдзæгдæр, æхецæй зæрдхæлардæр берæ нæ адтæй. Æ куститæ ку фæуууиуонцæ, уæд цидæр æнахур æхсицгон фæлладæй æ рази ку рамбурд уийанæ, уæд нæ фурходæгæй азгъунсти фæрстæ тудтонцæ. Еци бæгъатæр тугъдон, нæхе Сулейман цума знаги нæмугæй уæззау цæфтæ дæр нæ байиафта, цума дзæбæх – æнæнез уогæй царди зиндзийнадæ дæр нæ фæууидта, уотæ зиндтæй. Æ циргъзунд æмбесæндтæмæ игъосгæй ходæги цæстисугтæ беретæ æруадзиуонцæ. Еуæй-еу хатт нæ гъæрæй худт æма хъæлæбамæ редактор Хъанухъуати Валодя Тегай-фурти косæнуати дуарæй мæстгун хузæй æрбакæсидæ, æма минкъий фæстæдæр ходгæй раздæхидæ.

Сулейман ахид имиста, скъолай ахури бæнтти æхуæдæг дæр, е 'мгæрттæй дæр кадæртæ æмдзæвгитæ финсун куд æвзурстонцæ, уой. Еухатт нин радзурдта, кæддæр æй е скъоладзау æмбæлттæй кадæр еуварс куд рахудта, æма ин куд бакастæй æ нæуæгфинст цуппаррæнгъон:

О, мæгур кæсæлгитæ,
Дон уæ ку фæлласуй.
Уæ тæрегъæдæй уг дæр,
Гъæрæй ку ниууасуй.

Æригон «поэт» æмзæвгæ каст ку фæцæй, уæд Сулеймани рафарста:

– Политикон æгъдауæй си ести рæдуд ес?

Сулейман бахудтæй æ медбилти:

– Политикон æгъдауæй ин бæргæ неци æй…

Еухатт ба редакцимæ Сулейманмæ æрбацудæй æ гъæуккаг, минкъий хуæздæргъæуагæ лæг. Сæ кæрæдземæн салам ку равардтонцæ, уæд иуазæг райдæдта:

– Сулейман, æз устур Чиколайæй ардæмæ сæрмагондæй дæумæ иссудтæн. Цæмæн, зæгъгæ, мæ фæрсис… Мæ синхæгтæй кедæр хæццæ хæснæ ракодтон.

– Цæй туххæй? – рафарста Сулейман.

– Æз син уотæ зæгъун, Гитлер хъæрæу адтæй, зæгъгæ, етæ ниллæудтæнцæ, нæ адтæй, зæгъгæ. Æццæйнæ, нæ, Гитлер хъæрæу адтæй?

Сулейман, æ ходун туххæйти уорамгæ, дзуапп равардта:

– Уæллæгъи, хъæрæу, хъæрæу! Хъæрæу ку нæ адтайдæ, уæд æ над хуæздæр адтайдæ æма махмæ не 'рбалæбурдтайдæ…

Лæги цийнæн ма кæрон кæми адтæй! Еци разæнгардæй бабæй æй рафарста:

– Æццæйнæ, Сталин æма Гитлер гъæбесæй ку рахуæстæнцæ, уæд Сталин Гитлери рампурста?

Сулеймани дзуапп бабæй берæ хезун нæ багъудæй:

– Гъай-гъай æй рампурста, уомæн æма Сталин богал адтæй.

Иуазæг æ фурцийнæй хæрдмæ хаудтæй:

– Цæуæн, фæйнæ горæттаг бæгæний баниуазæн.

– Æма цæмæннæ гъæуама баниуазæн? – Сулейман æнæзийнадæй рахудта æ гъæуккаги бæгæни ниуазунмæ.

Уой фæсте æй мах ахид нæ разæй искæнианæ, цæмæй нин еци хабар радзурдтайдæ. Кенæдта 'й рафæрсианæ: «Сулейман, æццæйнæ, Гитлер хъæрæу адтæй?»

– Уæллæгъи, бустæги хъæрæу…

Тегати ездон Сулейман редактори хуæдæййевæг ку иссæй, уæд æз «Рæстдзинад»-и нæбал кустон, фал редакцимæ ахид цудтæн æма уидтон, æндæрхузи ке нæ фæцæй, уой. Адæми куд уарзта, адæм æй куд нимадтонцæ, уомæн æвдесæн иссæй æ фæстаг бон дæр: æ рафæндараст кæнунмæ дуйней дзиллитæ æрæмбурд æнцæ айдагъ силгоймæгтæ нæ, фал ма нæлгоймæгтæй дæр беретæ кудтæнцæ хæкъурццæй. Сулейман адтæй адæми лæг, æма адæми зæрдити байзадæй æ рохс ном.

***ТЕГАТИ Сулеймани æмгустгæнæг журналист Амилахуанти Хизир æ имисуйнæгти финста: «Устур Фидибæстон тугъди рæстæги Сулейман лæгдзийнадæ бавдиста Керчь, Севастополь æма æндæр рауæнтæ знагæй исуæгъдæ кæнуни тугъдтити. Æ тугъдон æмбæлтти хæццæ, сæ цардæн тæссаг ке æй, уой нецæмæ даргæй, уодуæлдайæй***



**Аци циртдзæвæн Чиколай бæрæгастæу æвæрд æй, Устур Фидибæстон тугъди рæстæг немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тохи Райгурæн бæсти сæрбæлтау аци гъæубæстæй ка фæммард æй, уони номерæнæн.**

# ÆНОСТÆМÆ ИМИСУЙНАГ ÆНЦÆ НÆ ДЗИЛЛÆН...

***Тугъди будурæй æрвист æртæтегъон финстæгутæ… Фæббор æнцæ… Бæрæг æй, уонæбæл æнзтæ сæ фæд ке ниууагътонцæ, е. Фал æз уæддæр æвзарун финстæгути финститæ. Сæ еуей инней фæдбæл кæсун æхсицгонæй. Уомæн æма сæ ка ниффинста, е мæ уарзондæр ахургæнæг адтæй, уæдта еунæг мæнæн нæ. Тугъди размæ Чиколай астæуккаг скъолай историй ахургæнæг Будтути Гадзо гъæубæстæн уарзон адтæй.***

Гитлеронтæ æрбампурстонцæ нæ Райгурæн бæстæмæ. Æма Гадзо дæр е скъола байиивта тугъди будурæй. Исæвардтонцæ 'й полкки комиссарæй. Æ бæгъатæрдзийнадæй, æ дзурдæй æма архайдæй уæлахезмæ разæнгард кодта æфсæддонти. Уой туххæй Гадзой финстæгутæй еуеми иссирдтон æфсæддон газетæй лухгонд минкъий гæбазæ уæхæн игъосункæнуйнаги хæццæ: «Дууинсæй бæгъатæр æфсæддоней хæццæ еумæ комиссар Будтуй-фурт гитлеронтæй исуæгъдæ кодта Холми гъæу. Аци рауæн фæцæй уæззау цæф. Бæгъатæрдзийнадæ равдиста Хъирими тугъдтити дæр. Ами дæр бабæй гъигæдард баййафта гитлерон снайпери нæмугæй. Будтуй-фурт комиссар кæмæн æй, еци полк хуæздæрбæл нимад æй. Æма уоми ес Будтуй-фурти бæгъатæрдзийнадæ дæр». Полкки раздæри сæйраг дохтир Старчевой ба Гадзой туххæй æ имисуйнæгти уотæ ниффинста:«Салдæттæ карз тугъдтити фæсте кæд цийфæнди фæллад уиуонцæ, уæддæр сæмæ комиссар ку фæдздзоридæ гитлеронти нихмæ нæуæгæй нимпурсунмæ, æ зæрдæмæгъаргæ дзурдтæ ин ку фегъосиуонцæ, уæд сæ фæллад дæр нецæмæбал æрдариуонцæ, гитлеронти дæрæн кæнунмæ сæмæ разиннидæ устур тухтæ».

Гадзо æ тугъдон финстæгутæй еуеми финста:«Цалдæр хатти мин загътонцæ, цæмæй рандæ уон дивизий политикон хайадæмæ косунмæ. Фал цалинмæ нæ полк гвардион исуа, уæдмæ нæ рандæ уодзæнæн». Æма полк æцæгæйдæр иссæй гвардион.

Гадзойæн мин æ тугъдон бонуг дæр берæ хабæрттæ ракодта: «Аци бон дæр бабæй тогкалæн тохи бацудан Брест гитлеронти дзæмбутæй исуæгъдæ кæнунбæл. Æма нæ къохи бафтудæй еци нисан исæнхæст кæнун, устур бæгъатæрдзийнадæ равдиста нæ полк».



**БУДТУТИ Гадзо æма Агубе.**

Берæ 'нцæ, Будтути Гадзо æ полкки æфсæддонти хæццæ немуцаг лæборгутæй ке исуæгъдæ кодта, еци сахартæ: Таганрог, Мелитополь, Никополь, Барановичи… Сауæнгæ хорискæсæн Пруссий дæр ма басастонцæ гитлеронти федæрттæ, мæрдтæмæ ке барвистонцæ, еци салдæттæ æма афицертæ ба адтæнцæ мингæйттæ. Фал тугъд тугъд æй, Гадзобæл исæмбалдæй знаги нæмуг. Уæлахези бонмæ ма æдеугурæй байзадæй мæйæ æма æрдæг, уотемæй фæммард æй, æ реубæл ордентæ æма майдантæ тæмæнтæ калдтонцæ, е 'скъуæлхтдзийнæдти туххæй. Сæйраг командæгæнæг И.В. Сталинæй цуппæрдæс арфи адтæй, бæгъатæр майор Будтути Гадзо Исай фуртмæ.

Фæстæдæр Гадзой уарзон кизгæ Фатимæмæ иссудæй финстæг Гадзойæн æ тугъдон æрдхуард дохтир Сергей Старчевойæй. Кæд дæ фæндуй, уæд æй ду дæр бакæсæ, зæгъæ, мæмæ æрæги Фатимæ равардта Старчевойи пъисмо.

«Хъазар Фатимæ! Куд æнæкæрон зин мин адтæй, мæ хуæздæр тугъдон æмбал мæхе цæстити рази ку мардæй, уæд е. Æ фæййервæзун кæнунæн неци хуасæ иссирдтан. Мæ хабæрттæ мин Фатимæмæ ниффинсæ, зæгъæ ми ракурдта. Æма ин æз æнхæст кæнун æ курдиадæ. Гадзо тухгин уодигъæдæ хецау адтæй, нæ еугуремæн дæр – фæнзуйнаг. Æма 'й фæнзгæ дæр кодтан. Знæгти нихмæ æмпурсетæ нифсгунæй, зæгъæ, нин е куд амудта, мах дæр уотæ кодтан. Гадзой, нæ еузæрдиуон æма бæгъатæр политикон разамонæги некæд феронх кæндзинан. Уой туххæй ниффинсун æнгъезуй æнæгъæнæ киунугæ дæр».

Гадзо тугъди будурæй ке финста, еци финстæгутæ… Сæ еу дæ иннемæй хъæбæрдæр бафтаудзæнæй арфдæр гъудитæбæл, Райгурæн бæстæмæ дæмæ исæвзурун кæндзæнæнцæ устур уарзондзийнадæ. Мæнæ мин сæ мæ рази æрæвардта Фатимæ. Гадзой кæддæри уарзон кизгæ, æ дзиккотæ – уорс, æ хъоппæгъ цæстити рæбунтæ – æнцъулдтæ. Рæстæг æ кæнон кæнуй. Кæддæр æхецæй рæсугъддæр æма ездондæр кизгæ нæ адтæй Чиколай. Гадзо æй фурбоцæй Цыганочкæ худта.

«Мæ хъазар Цыганочкæ! – уотæ бабæй райдæдта, Фатимæ мин фæстагмæ ке бакæсун кодта, еци финстæг. Хъæбæр берæ дзоруйнæгтæ мæмæ æрæмбурд æй, мæнæ ку исæздæхон, уæд дин сæ фæдздзордзæнæн лæмбунæгдæр. Тагъд сæ кæрон æрхъæртдзæнæй гитлерон сирдтæн. Истори нæ феронх кæндзæнæй сæ гъæддаг миутæ. Ка 'й зонуй, æз ку нæбал фæййервæзон, уæддæр дæ зæрдæбæл бадардзæнæ: мæ цард равардтон нæ адæми, нæ рохс федæни сæрбæлтау. Æнæмæнгæ фæууæлахез уодзинан».

Райгурæн бæсти сæрбæлтау æ цард равардта Гадзойæн æ кæстæр æнсувæр Агубе дæр. Уомæн æ тугъдон над райдæдта Украини хорнигулæйнаг будуртæй. Уæд ма гитлерон æфсæдтæн сæ бон адтæй размæ 'мпурсун. Агубе адтæй артиллерион батарейи командир. Æ тугъдон æскъуæлхтдзийнæдтæ уæлдай хъæбæрдæр рабæрæг æнцæ Хъирими æрдæгсакъадах немуцæгтæй кæдзос кæнунбæл тохи. Уоми ин исаккаг кодтонцæ Фидибæсти тугъди дуккаг къæпхæни орден, еци тугъди фæцæй уæззау цæфтæ дæр. Агубе æма е 'мбæлттæ адтæнцæ, Румыни, Венгри æма Чехословаки гитлеронтæй ка фæййервæзун кодта, еци бæгъатæртæй. Фал хестæр лейтенант Будтути Агубе дæр нæ фæццардæй Уæлахези бонмæ, Венгрий карз тугъдтити бæгъатæрæй фæммард æй 1945 анзи апърели.

Æнсувæрти кæстæр адтæй Омар. Æ æнзтæмæ гæсгæ ин æнгъезгæ дæр нæма кодта службæмæ рандæ ун, фал ин комиссариати исæнхæст кодтонцæ æ курдиадæ. Каст фæцæй тугъдон училище. Иссæй тæхæг, гитлерон лæборгутæй беретæ бацæнцæ, æ хуæдтæхæгæй ке гæлста, еци бомбити амæттаг, пурхæ кодта, фашисттæ сæрустур кæмæй адтæнцæ, еци техникæ. Зенитон артиллерий дивизиони командир ку адтæй, уæддæр ин минкъий нæ бантæстæй. Хумæтæги нæ исаккаг кодтонцæ дæлболкъон Будтути Омарæн дæс паддзахадон хуæрзеуæги.

Хуæдæфсармæ адæймаг æй Омар, еу къласи ахур кодтан тугъди размæ. Нур дæр ахид фембæлæн. Æримисæн евгъуд бæнттæ, фронтæй ка нæбал исæздахтæй, Райгурæн бæсти сæрбæлтау æ цард ка равардта, еци фæсевæди.

Омарæн, æ зингхуст æнсувæрти туххæй газетмæ финсдзæнæнцæ, уой ку загътон, уæд ми ракурдта:

– Ме 'нсувæрти туххæй ку финсай, уæд ди ма феронх уæнтæ Будтути Тъæхир æма Будтути Тамарæ дæр. Уони хæццæ дууæ æнсувæрей цæуæт ан. Тъæхир адтæй танкити батальони командир, Тамарæ ба – медицинон служби капитан. Сæ дууæ дæр бæгъатæрæй фæммард æнцæ тугъди будури. Тамарæбæл Чиколай фæсевæд искодтонцæ зар…

Уадзæ æма игъусонцæ нæ зингхуст фæсевæдбæл конд зарти муртæ, уадзæ æма сæ имисонцæ нæ адæм.

***ТЕГАТИ Сулейман,***
***(газет «Рæстдзинад»,***
***1984 анз 19 октябрь).***

**Радиацион фехæлдтитæ æма æверхъаудзийнæдти амæттæгти имисæн Æхсæндуйнеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй 26 апърели. Дзæуæгигъæуи син ци циртдзæвæн æвæрд ес, уой рази арæзт æрцæуй номерæн мадзал.**

*æнхæст кодтонцæ се ’фсæддон ихæстæ. Сапун-гора ке хонунцæ, уой алфамбулай тугъдтити рæстæг уæззау цæф фæцæй. Госпитæли фæууогæй, æ къæхтæбæл куддæр æрлæудтæй, уотæ бабæй рандæй фронтмæ, æма идарддæр хъазауатонæй тох кодта Райгурæн бæсти сæребари сæрбæлтау...»*



# ФИДИУÆЗÆГМÆ ИСÆЗДÆХУНÆЙ ЗÆРДÆ БÆРГÆ ÆВÆРДТОНЦÆ...


ТЕГАТИ Сулейман (раззаг рæнгъи бадуй – галеуæрдигæй дуккаг) æ тугъдон æмбæлтти хæццæ фронти.

**ТЕГАТИ Сулеймани рохс ном имисгæй, куд гъæуама нæ æримисæн æ берæ исфæлдистадон фæллæнттæ дæр. Сулейман абони не ’хсæн нæбал æй (нæ Исфæлдесæг ин æцæг дуйней дзенети рохсдæр бунат исаккаг кæнæд...), уæддæр абони дæр ма нин цæмæдесаг æнцæ æ финст æрмæгутæ, æнцæ нин нæ адæми анзфинсти æвдесæнтæ. Уонæн сæ еугурей хæццæ уæ абони базонгæ кæнуни равгæ нин газети гæнæнтæмæ гæсгæ нæййес, фал си уæддæр абони ке мухур кæнæн, уони ба уомæ гæсгæ равзурстан, æма рæхги бабæй бæрæг кæндзинан нæ Цитгин Уæлахези бæрæгбон. Тегати Сулейман ба, еуемæй, æхуæдæг адтæй Устур Фидибæстон тугъди архайæг, иннемæй ба æ рæстæги хъæбæр берæ зæрдæмæдзæугæ уацтæ ниффинста еци тугъди хъайтартæбæл. Æма уонæй абони мухур кæнæн дууæ æрмæги. Уадзæ æма абони фæлтæртæ зононцæ циуавæр дессаги лæгтæй цитгин адтæй нæ Иристон, сæ кæдзос уодти æма рæстмæтундзæг зунди фæрци ин ци берæ хуæрзти бацудæнцæ Райгурæн бæстæн, беретæ си сауæнгæ сæ цард дæр æ сæрбæлтау ку багъудæй, уæд иснивонд кодтонцæ.**

Мæнæй хестæр адтæй Зурман. Уосæ ку ракурдта, уæд мæнæн гъазтмæ цæун афонæ дæр нæма адтæй. Скъоламæ уони гъæунгæбæл цудтæн. Æма ахид фембæлианæ Зурмани хæццæ. Фал имæ ци рæуонæй гъæуама исдзурдтайнæ: е хестæр, æз – кæстæр. Уæдмæ ралæудтæй æндæр рæстæг: Зурмани фæууидтон тогæйдзаг цинели, æ закъæ – æнæдаст, æ усхъитæбæл – автомат, æ астæубæл – дамбаца. Уотемæй æфсæддонти къуари хæццæ сабур ампъезæй æрцудæй, тугъди арти ка басугъдæй, немуцаг лæборгути дзæмбутæй ке исуæгъдæ кодтан, уæхæн æдзæрæг гъæуи гъæунги. Æз имæ æдзинæг никкастæн, уæдта имæ еци-еу тъæбæртт бакодтон, æгайтима мæ гъæуккагбæл исæмбалдтæн, зæгъгæ. Мæ хъури ’й никкодтон.

Е адтæй 1944 анзи апърели, Хъирими æрдæгсакъадахмæ сахар Керчи ’рдигæй ку æмпурстан, еци тогкалæн


ХЕКЪИЛАТИ Зурман æма Темболат.

бæнттæй еуеми. Тугъди будури фиццаг хатт уæд исæмбалдтæн мæ гъæуккагбæл. Æма мæмæ нур Зурман æнсувæрæй дæр хъазардæр фæккастæй, мæ цийнæн кæрон нæбал адтæй, кæрæдземæн фæккодтан нæ тугъдон хабæрттæ.

Фестæг æфсади взводи командир адтæй Зурман. Е ’фсæддонти сæ фулдæр – азербайджанæгтæ. Се ’взагбæл дзорунмæ хуарз арæхстæй.

…Æмбесæхсæвæй райевгъудæй æртæ сахатти. Раст еци афонæ Хъирими æрдæгсакъадахи искæсæн билгæрон. Рагон Керчи фæйнæ фарси доргун зæнхæ иссугъдæй пеллонгæнгæ арти хузæн. Уой сугътонцæ мах дзармадзантæ, катюшитæ, бомбитæ. Еци ’хсæви хузæн некæд бафеппайдтон нæ тугъдон техники хъаурæ. Гитлер фехæлун æнгъæл кæмæн нæ адтæй, еци федæрттæ фæууæлгоммæ ’нцæ. Уæддæр немуцаг салдæттæ æма афицертæ архайдтонцæ Хъирими æрдæгсакъадахи федар унбæл. Фал денгизон десантти нихмæ æдух разиндтæнцæ. Æгас ма си ка байзадæй, етæ ледзæги фæцæнцæ, мингæйттæй ба сæхе уацари равардтонцæ.

Сахар Керчи бунмæ еци æхсæви десантти хæццæ адтæй ме ’мгъæуккаг Хекъилати Зурман дæр. Мæ зæрдæбæл ма хуарз лæуунцæ, ке мин радзурдта, еци хабæрттæ. Е взводи æфсæддонтæ Хъирими зæнхæбæл гитлеронтæй мæрдтæмæ берæ барвистонцæ. Сæ блиндажтæ ка фæууагъта, кæд фæййервæзинæ, зæгъгæ, денгиз æрдæмæ ка лигъдæй, еци гитлерон афицер Зурманæн æхе къохæй бацудæй мæрдтæмæ. Фал ме ’мгъæуккаги зæрдæ уæддæр мæтъæл адтæй, неци уоййасæ имæ багъардта æ уæлахез. Уомæн æма æхе взводæй дæр цалдæремæй байзадæнцæ тугъди будури, сæ цард равардтонцæ Райгурæн бæсти сæрбæлтау.

Хъаурæгин адтæй, Зурман мин ке туххæй радзурдта, еци æхсæйвон десант. Кæд уæхæн карз тугъдæй фæййервазтæй, уæд мин тæссаг нæбал æй, зæгъгæ, æ гъазæн дзубанди абони дæр ма мæ гъостæбæл уайуй. Нифсгун адтæй Зурман. Айдагъдæр æ зæрдæ дзурдта æ кæстæр æнсувæр Темболатмæ. Афонæ дæр ин нæма адтæй, фараст къласемæй уæлдай нæма фæцæй каст, уотемæй рандæй фронтмæ. 1942 анзи сæрдигон каникулти Чиколай Ленини номбæл колхози трактортæн артаг ласæгæй куста. Силгоймæгтæ дæр кæндзæнæнцæ аци куст, зæгъгæ, еу бон бацудæй æфсæддон комиссариатмæ…

Æма Зурман тугъди будури æнæнгъæлти ку исæмбæлидæ Темболатбæл! Еци хабæрттæ дæр ракодта. «Нурма æригон æй æма, ка ’й зонуй, ку нæ исарæхса фронти», – Зурмани зæрдæ катайии бацудæй.

…Æстдæс æма инсæй анзи райевгъудæй, Хекъилати Зурмани хæццæ тугъди будури ку исæмбалдан, уæдæй нурмæ. Е нæбал исæздахтæй æ райгурæн гъæу Чиколамæ, нæбал фæууидта æ бийнонти, æ цард равардта нæ бæсти сæрбæлтау. Тугъди будури бæгъатæрæй фæммард æй æ кæстæр æнсувæр Темболат дæр. Æз сæ ахид æримисун, уæлдайдæр ба, Уæлахези бон ку æрхъæртуй, уæд. Æма бабæй нур мæ зæрдæбæл æрбалæудтæнцæ. Никки ма мæмæ се ’ртиккаг æнсувæр, Устур Фидибæстон тугъди инвалид Хекъилати Дзаххотт æрæги ку ’рбахæссидæ, Зурман æма Темболат сæ бийнонтæмæ ке ’рвистонцæ, ка исбор æй, еци æртæтегъон финстæгутæ. Лæмбунæг сæ бакастæн. Зæрдæмæ гъардтонцæ бæгъатæр тугъдонти финстæгутæ. «Мах амондгун цард фехалунмæ ка гъавуй, еци гитлерон фашисттæбæл фæууæлахез унмæ нæ берæ нæбал гъæуй». «Аци бæнтти знаги дæрæн кæнæн «Минкъий Зæнхæбæл…» «Мæ хъазар мадæ Батий, мæ еунæг хуæрæ Хулиймæт, уæлахези бон æрхæстæг кæнуй, тагъд фæууиндзинан кæрæдзей…» «Мæ тоги фæстаг æртæхи уæнгæ тох кæндзинан цифуддæр знаги нихмæ…» «Тугъд тугъд æй, ка ’й зонуй, ку нæбал фæййервæзон, уæддæр, æ фæууинунмæ кæмæн бæллун, мæ еци фурт Азрати мин исгъомбæл кæндзинайтæ…»

Æма исгъомбæл æй Зурмани седзæр биццеу Азрат. Каст фæцæй уæлдæр ахургæнæндонæ, иссæй инженер, косуимæ рандæй бæсти устурдæр арæзтæдтæй еу – Байкало-Амури магистрали æрæзтадæмæ.

***ТЕГАТИ Сулейман,***
***(газет «Рæстдзинад», 1981 анз).***

**РЕДАКЦИЙÆЙ**:

Тегати Сулеймани радзубандимæ гæсгæ ма уой зæгъдзинан, æма Темболатæн æ фæсте цæуæт нæ байзадæй. Зурманæн ба адтæй фурт æма кизгæ – Азрат æма Земфирæ. Азрат æцæгæйдæр куста БАМ-и, уой фæсте ба исæздахтæй Цæгат Иристонмæ, цардæй ами. Гъулæггагæн, цардæгас нæбал æй, Земфирæ ба, хуæрзæригон ма адтæй, уотемæй фудракæнди фудæй бастъалдæй… Рохсаг уæнтæ…

Тагъд медицинон агъази косæги Бон бæрæггонд цæудзæнæй 28 апърели. Зæрдиагæй арфæ кæнæн аци къабази еугур косгутæн дæр!..

*Аллахи æрвист лæг æма пахампар Мæхæмæт: «Дæхе бон ци уа, уой ескæмæн ма кæнун кæнæ. Алкедæр гъæуама æхе хæдзари дуари рæстæ сæрфа. Алкедæр уотæ ку кæна, уæд гъæунгæ æнæгъæнæй дæр уодзæнæй кæдзос...»*

# КОМУАДЗÆН – УОДИ КÆДЗОСДЗИЙНАДИ ÆМА ЗÆРДИ ФЕДАРДЗИЙНАДИ БÆРÆГБОН

***Æнæгъæнæ дуйней пусулмæнттæ дæр абони, 21 апърели райдæдтонцæ бæрæг кæнун сæ цитгиндæр бæрæгбæнттæй еуей – Комуадзæн (Уораза-байрам), кæци æй, алли пусулмонæн дæр æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг ци ихæс æй, гъома, ком бадаруни (уораза) мæйæ Рамадани кæронбæттæн.***

Комуадзæни бæнттæ алли пусулмонæн дæр, – бустæги ба уораза ка дардта, уонæн æнцæ уæлдай цитгин цийнæдзийнади бæнттæ. Еци æртæ бони пусулмон адæм фæззæгъунцæ фæндараст уоразай мæйи цитгин бæнттæн. Уонæмæ, фæстæмæ ракæсгæй, алкедæр сагъæс кæнуй, хуарзæй ци бакодта æма ма 'й идарддæр æ царди хабæрттæ куд аразун гъæуй, цæмæй æхе уоди рази дæр æма æ фарсмæ цæрæг дзиллити 'хсæн дæр рæстуодæй æнхæст кæна æ царди æгъдау, уобæл. Пусулмон мæйти нимадмæ гæсгæ мæйтæн сæ тæккæ хуæздæри – Рамадани – бæнттæ куд рарвиста, нæ си феронх æнцæ нæ Исфæлдесæги фæдзæхститæ, æведауцæ миутæ, дæлгоммæ гъудитæ кæнун, æхецæн нæ исаккаг кодта? Æвæлмæцгæй архайдта æ аллибони гъуддæгутæй дæр æма гъудитæй дæр хуарзбæл, æ уоди кæдзосдзийнадæбæл?



Пусулмон паддзахæдти, уæдта Уæрæсей кæцидæр регионти дæр Уораза-байрами (комуадзæни) рæстæг 3-4 бони адæм косгæ нæ кæнунцæ, уомæн æма комуадзæн, нимад æй хъæбæр цитгин бæрæгбонбæл. Еци бæнтти адæм зæрдрохсæй цийнæ кæнунцæ, дæргъвæтин комдарæни мæйæ дзæбæхæй ке райевгъудæй, ке исхъаурæ кодтонцæ еци ихæс бафедунæн, уобæл.

Фиццаг бон хор искæсуни фæсте пусулмæнттæ сæ уæле искæнунцæ сæ хуæздæр кенæ ба дзихъирт нæуæг уæледарæс, арфити хæццæ цæунцæ кæрæдзей хæдзæрттæмæ, цийнæ кæнунцæ, исцæттæ кæнунцæ дессаги адгин хуæруйнæгтæ. Нæлгоймæгтæ æрæмбурд унцæ мæзгити, сунни амундмæ гæсгæ дуа искæнунцæ, уæдта имам исаргъауй.

Мæзгитмæ цæуни агъоммæ пусулмон адæймаг гъæуама æхе багъуд кæна, искæна нæуæг хъæппæлтæ æма уотемæй ратагъд кæна æ æмдингæнгути хæццæ еумæйаг æмбурдмæ – еумæйагæй намаз кæнунмæ.

Бæрæгбони намаз кæнун æнгъезуй куд сæйраг, уотæ æндæр мæзгитти дæр. Ести къулумпидзийнæдтæмæ гæсгæ кæмæн нæ бантæстæй бæрæгбони еумæйаг намазмæ бахаун, еци пусулмони барæ ес æндæр рауæни æндæр имами хæццæ еци намаз искæнунæн.

Комуадзæни бæрæгбæнтти федауй кæрæдземæн лæвæрттæ кæнун, бæрæгбони фæдбæл æрцæттæгонд хуæруйнæгтæй хеуæнтти, синхæнтти, зонгити фæххинцун. Ахсгиаг æй, еугур хæстæгути еумæ æрæмбурд кæнæ дæ хæдзарæмæ æма уотемæй еумæ рæстæг рарветун.

Мах дæр нæхердигæй Цæгат Иристони еугур пусулмæнттæн дæр зæрдиагæй арфæ кæнæн аци бæрæгбони фæдбæл. Хуцаумæ ковæн æма си корæн, цæмæй нин радта уоди хъаурæ æма лæдæрундзийнадæ, нифс æма разæнгарддзийнадæ, ци гæнæн æма амал ес, уомæй хуарздзийнадæ ракæнунæн, нæ агъаз ке багъæуа, уомæн фæййагъаз кæнунæн, æведауцæ миутæй ба хе багъæуай кæнун. Еузагъдæй, цæмæй æновудæй ни алкедæр архайа æ уоди кæдзосдзийнадæбæл, нæ уæлзæнхон царди нæ ихæстæ æнæгъæнæйдæр æма федауцæй æнхæст кæнунбæл.

# ЦАТИР РАМАДАН ÆЙ НÆ ЕУГУР ДЗИЛЛИТИ ДÆР ЕУГÆНÆГ РАЙДЗАСТ МАДЗАЛ


ГУÆЦÆЛТИ Хаджиморат.



Кæронмæ æрхъæрттæй пусулмон мæйти нимади адæми тæккæ цитгиндæр мæйæ – Рамадан. Æма уой размæ, фæстаг дæс боней дæргъи, куд иннæ æнзти, уотæ аци анз дæр Дзæуæгигъæуи мæзгити рази алли изæр дæр игонгонд æрцæуидæ Рамадани цатир. Æма ком ка дардта, еци пусулмæнттæн дæр равгæ уидæ хор ранигулуни фæсте, азани фæсте, изæрхуар исахуадун. Уæлдай æхцæуæн ба син е уидæ, æма сæ хæццæ изæрхуар искæнунмæ байагориуонцæ æндæр динтæбæл хуæст адæми дæр.

Аци аллианзон культурон-хуæрзауодæн мадзал арæзт æрцæуй нæ республики Уодварнон управлений разамунди хъæппæресæй. Цатир игон кæнуни рæстæг ардæмæ 'рбацудæнцæ националон-культурон æхсæнæдтæ, кустуæттæ æма дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæрттæ.

Цæгат Иристони пусулмæнтти Уодварнон управлений сæрдар, муфтий **Гуæцæлти Хаджиморат** куд баханхæ кодта, уомæ гæсгæ Цатирмæ Уоразай цитгин мæйи фæстаг дæс боней дæргъи алли анз дæр иуазæгуати сæрмагондæй æрбахонунцæ не 'хсæнади аллихузи къабæзти косгути: æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади, ахуради, исфæлдистадон къабæзти архайгути, дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæртти...

Еумæ исæмбæлгæй, æргомзæрдæй æма цæстуарзонæй фæдздзубанди кæнунцæ, абони не 'хсæнадæн ахсгиаг ци фарстатæ 'нцæ, нæ цардарæзти гъуддæгутæ фæззæрдæмæдзæугæдæр кæнунæн нæ еумæйагæй, æмзунд æма æмвæндæй куд архайун гъæуй, цæмæй аллихузон адæмихæттити æма аллихузон динтæбæл хуæст дзиллити медастæу федар кæна кæрæдзей лæдæрундзийнадæ, лимæнæй син зæрдтагон уа сæ кæрæдзей цийнæ дæр æма сæ рист дæр. Аци æууæлтæ нури доги уæлдай ахсгиагдæр гъæунцæ. Цатири медæгæ уæлдæф æ хæццæ хæссуй уæлдай уодæнцойнæдзийнадæ, рæсугъд æнкъарæнтæ, æма уомæ гæсгæ адæймаги меддуйне дæр фæккæдзосдæр уй...

– Нæ зæрди ес Цатир фæуурухдæр кæнун, – зæгъуй Гуæцæлти Хаджиморат, – цæмæй фулдæр адæмæн фадуат фæззинна аци цитгин рауæнмæ æмбурд кæнунæн. Комуадзæни цитгин бæрæгбони мæ зæрдæ зæгъуй, цæмæй нæ берæнацион республики дзиллитæ цæронцæ лимæнæй, æхцулæй, кæрæдземæн хуарздзийнæдтæ аразунбæл архайгæй, цæмæй нæ уодтæ уонцæ кæдзос, нæ зæрдитæ ба игон кæрæдземæн...

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **950**. Заказ **№ 843.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 20.04.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 20.04.2023.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**